**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**
**МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАН**
**МР «ЦУМАДИНСКИЙ РАЙОН»**
**МКОУ «ВЕРХНЕГАКВАРИНСКАЯ ШКОЛА-САД»**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| на заседании ШМО | Заместитель директора по УВР | Директор школы-сада |
| ________Муртузалиев М.А. | ___________Хасбулаев Ш.М. | ________ Исмаилов М.М. |
| Протокол №___ от «____» ___2023г. | «______»_____2023 г. | Приказ №___ от«___»_____2023 г. |

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Родная литература»**

для 7 класса основного общего образования

на 2023-2024 учебный год

Составитель: Магомедова Сабижат Магомедовна
Учитель родного языка и литературы

**с. Верхнее Гаквари, 2023**



# Авар адабият

## 7 класс

## 34 саг!ат

Асарал малъизе – 25 сагIат

Калам цебетIезабиялъе – 5 сагIат

Класстун къватIибехун цIали – 4 сагIат

## 7 классалда адабиял темабазда тIоритIулел кIалзулал ва хъвавул хIалтIабазул аслиял тайпаби

Цlалдохъабазул жидерго захlматалъул, гьез жамагlаталъе гьабулеб пайдаяб хlалтlул бицарал сочинениял хъвай.
Художествиял ва ричlчlизе бигьаял гlелмиял текстал чвахун ва рагlун цlали.
Художествиял асарал яги гьезул кескал пасихlго цlали.
Хабарияб асаралъул яги гьелъул цо бутlаялъул план гlуцlи.
Цlалдохъанас жиндирго кlалъаялъе план гlуцlи.
Багьадураздехун, гьезул ккарал ишаздехун бижараб жиндирго пикруги загьир гьабун, буцунги хъванги, жинцаго цlаларал асаразе, художниказ рахъарал суратазе, рихьарал фильмазе къимат кьей.

### Авар мацlалъулгун бухьен

Бичlчlизе бигьаяб гlелмияб мацl.
Жиндирго пикру бицунеб сочинение.
Хабарияб тексталда тlасан ( гlатlидго, къокъго, тlаса бищун хlалтlи унеб куцалъул бицунеб, инсанасул сурат цебечlезабулеб изложение ).
Рагlул битlараб ва хъвалсараб магlна, синонимал, омонимал, антонимал такрар гьари.
Фразеологияб цолъи.
Эпитет хlисабалда гьелъул кlвар.

### Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан

### 7 классазул цlалдохъабазда цере лъолел аслиял тlалабал:

### Цlалдохъабазда лъазе ккола:

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул цlарал, цlаразул магlна;
- лъазарурал хабариял асаразул багьадуралги гьез гlахьаллъи гьабулел ишазул тlелги;
- лъазарурал асаразул гlуцlиялъул рахъал;
- адабиял терминал,махсара, сатира, метафора, адабияталъул тайпаби;
- реклехъе лъазаризе программаялда рихьизарурал текстал;

## *Цӏалдохъабазухъа бажаризе ккола:*

- *хъвадарухъанас гӏуцӏарал сипатиял лъугьа-бахъинал пикрудалъ гвангъун церечӏезаризе;*
- *багьадурасул гӏамал-хасият рагьизе,хӏажатал лъугьа-бахъинал лъазабулеб асаралдаса тӏаса рищизе;*
- *пикругун художествияб рахъ рагьизе, сипатиял рагӏабазул бугеб кӏвар батизе;*
- *мугӏалимас кьураб логикияб суалалда рекъон асаралъул багьадурасул гӏамал-хасият рагьизе;*
- *лъазабулеб бугеб асаралъул кӏиго багьадурги дандеккун, гьездехун авторасул бугеб бербалагьи загьир гьабизе.*
- *минуталда жаниб 110-120 рагӏи кколеб хехлъиялда ричӏчӏизе бигьаял, гӏелмиял ва художественниял текстал ритӏун, дурун, рагӏун цӏализе;*
- *художественниял асарал пасихӏго цӏализе;*
- *хабарияб асар изложение хӏисабалда бицинеги хъвазеги;*
- *хабарияб асаралъул яги гьелъул цо бутӏаялъул план бахъизе;*
- *багьадураздехун, гьезул ишаздехун бухьараб ва цогидал искусствоялъул асаразе къимат кьезе ( бицунги хъванги)*

## *Жидецаго цӏализе кколел асарал:*

*«Дир гӏумру»,«Кӏудияв Хӏасан»-Цӏ.Хӏамзат*
*«Чӏегӏерав чи» - М. Шамхалов*
*«Чаландар» - А. Мухӏамаев*
*«Магӏарухъ рогьел» - Ш-А.Мурадов*
*« Магӏарул къиса», «Магӏарулазул ватӏан» - Р.Хӏамзатов*
*«Кьогӏал конфетал» - Гӏ. Расулов*
*« Циги тӏинчӏги» - М. Гӏабдухӏалимов*
*«Кӏилкӏазе биун тӏураб гулла» - Т.Таймасханов*
*«Анцӏила микьабилеб их» - Ф. Гӏалиева*
*« Гӏандадерил ралъдахъ» - А. Тӏагьиров*
*« Къурулъ нух щвечӏеб бис» - Гӏ- Хӏ.Шахтаманов*
*« Гъудуллъиялъул улка» - М-З. Аминов*
*« Замана» - М. Атабаев*

## *Рекӏехъе лъазаризе кколел асарал:*

*« Ашбазалде гьабураб» - Цӏ.Хӏамзат( цо бутӏа )*
*« Гӏандалал» - М. Хуршилов( цо кесек)*
*« Магӏарулал» - Р. Хӏамзатов*
*« Гӏаздалал тӏагърал» - Гӏ. Сагӏидов*

| | *Дарсил тема* | *Классалда гьабулеб хIалтIи* | *Словаралда хъвазе рагIаби* | *р/хI гьум.* |
|---|---|---|---|---|
| *1* | Инсан ва гьесул къисмат – адабияталъул аслияб тема. «Унсоколоса ХIожоги гуржиявги». | Халкъияб кIалзул гьунаралъе баян кьезе.<br>I-III бутIаби цIализе. | Давла, къор, илхъи, ургьимес,чабхъен, годекIан, къокъа, гIулбузул | Бицине, анализ гьабизе |
| *2* | «Унсоколоса ХIожоги гуржиявги».<br>А/т. Художествияб гIуцIиялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби | IV- V бутIаби цIализе.<br>Суалазул кумекалдалъун гIадатаб анализ гьаби. Аслиял героязул образал рагьи. | Ярагъунев, хулжал, хатIа, лекIи, хъош-баш, хатIа | Бицине, анализ гьабизе<br>План гIуцIизе, ва гьелда рекъон сочинениялде хъвазе.. |
| *3* | **XIX ГIАСРУЯЛЪУЛ АДАБИЯТ.**<br>**Инхоса ГIалихIажияв**<br>«ГIелму ва жагьлу». | ШагIирасул гIумру ва творчество. КечI цIализе. КочIол пикру рагьизе, дандекквеял ратизе. | | КечI пасихIго цIализе. |
| 4 | ЦI.ХI.<br>Дибирги гIанхвараги». | КочIол пикру рагьизе. КочIолъ кица-би ратизе.МацIалда тIад хIалтIизе. | | Суалазде хIадурлъизе. |
| 5 | «Ашбазалде гьабураб».<br>Сатираялъул хIакъалъулъ авалияб баян. | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе.<br>КочIол тема ва пикру рагьизе.<br>ЦI. ХIамзатил сатираялъе баян. | Пул, таффаруж, приказчик, ка- шавар, падарал, гьамщал-мущул, хIебдалал, карц, бидвиххун | КечIол 4 куплет рекIехъе лъазабизе. |
| 2с | ***Калам цебетIезаби.***<br>***ЦIадаса ХIамзат – темаялда тIаса доклад яги рефератал хIадур гьари*** | | | |
| 6 | **МухIамад Хуршилов**<br>«ГIандалал». | Хъвадарухъанасул гIумру ва творчество. Надир-шагь щущахъ виххизавиялъул хIакъалъулъ | ХъамалчагIи, чабхъен, кверщел, Хива, Бухара, бо | ЦIализе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | тарихияб баян цIали. | | |
| 7 | «ГIандалал». | I –II-lll бутIаби цIализе. | Вазир, ясир, сугърал, чулахъ, ягъзият, намартав, къажарал, дозорал, аскерал, хIарамзада, жаллатал, хIарамхана, хьонбакI, гIангур, такъия, хъалхъан, гвардия, бикьакълъараб | Гьум. 66-78цIализе. |
| 1с | ***Класстун къватIисеб цIали*** | | | |
| 8 | **МухIамад Сулиманов** «Васигат». **Поэмаялъул хIакъалъул авалияб баян.** | Авторасул биография. Поэма учителас цIализе. Лъимал цIализе тIами. Поэмаялъул мацIалъул пасихIлъи, чвахиялъул дуруслъи бихьизаби. Поэмаялъе баян кьезе. | Керчаб, ихх, кулал, хъа -чагълъи,гIакълу лълъаранибана, чалбудай, квелъ | Авторасул биография. ЦIализе. Саулазде хIадурлъизе. |
| 9 | «Васигат». | Суалал ва тIадкъаял тIуразе. | ЧIчIалилав, айгъир, щинкIил, хIара, пуланаб, манзил, | |
| 1с | ***Калам цебетIезаби.*** | **Дарс-бахIс** (урок-диспут) **«НекIсиял гIадатал – квешабги лъикIабги».** | | |
| 10 | **Эффенди Капиев** «Жиндирго хIакъалъулъ Сулейманил хабар». | Авторасул биография. Хабар цIализе. | Купец, ашбазхана, депо, хъалим, хъаркIас | Биография. Гьум. 97-100 бицине. |
| 11 | «Жиндирго хIакъалъулъ Сулейманил хабар». **А/т.** Художествияб асаралъул композиция. | Хабар цIализе. Суалал ва тIадкъаял тIуразе. Художествияб асаралъул композициялъе баян кьезе. | Гьаглъизе, допрос, петер, петерчи, интервентал | Гьум. 101-106 бицине. Гьум. 107 лъазабизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| 1с | **Класстун къватIисеб цIали** | | | |
| 12 | ***Асадула МухIамаев***<br>«МагIарулай».<br>«Маккикъор». | Авторасул гIумру ва творчество.<br>«Маккикъор» абураб бутIа цIализе.<br>Къисаялъул тема батизе. | Диван, какараб гъабу, гъарцIи гIадаб цIибил, речIазе, тансур | «Маккикъор» абураб бутIа бицине. |
| 13 | «МагIарулай».<br>«АхIмад тIад вуссараб сордо». | Учителас цIализе.<br>АхIмадил сурат.<br>Суалал ва тIадкъаял. | Совещание, жигIизе, квачI, малгIун | Бицине. |
| 14 | **МухIамад Шамхалов**<br>«Тамашаяв гьобол». | Авторасул биография.<br>Учителас цIали. | Саглал, мачIалал, къвалалхалат, исхъали | Биография цIализе Гьум.134-139 бицине. |
| 15 | «Тамашаяв гьобол». | Учителас цIали.<br>Суалал ва тIадкъаял. | Бегавул, хьина(хна), хьачIунан, дакъикъа, тагIзир | Гьум. 139-1451..ц1алун анализ г ьабизе..<br>Суалал ва тIадкъаязде хIадурлъизе. |
| 16 | **Расул ХIамзатов**<br>«Эбелалъ дир кинидахъ кучIдул ахIичIелани». | Хъвадарухъанасул биография. КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. КечI пасихIго цIалиялда тIад хIалтIизе. | | Доклад хIадур гьаби « Р. ХIамзатовасул творче- ство».<br>ПасихIго цIализе. |
| 2с | ***Калам цебетIезаби.***<br>Сочинение.<br>«Эбелалъул хIакъалъулъ» | | | |
| 17 | «МагIарулал». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе.<br>Хоралдалъун цIали. | ГIищкъу, гIурда | **РекIехъе лъазабизе.** |
| 1с | **Класстун къватIисеб цIали** | | | |
| 18 | «Дагъистаналъул рохьал».<br>КучIдузул магIнаялъул гъварилъи, мацIалъул сипатлъи формаялъул | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе.<br>ШигIруяб ва хабарияб каламалъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. | Гьегьал, гъансито, рохъо, щоб, чан, чIва | ПасихIго цIализе.<br>КучIдузул анализалде хIадурлъизе. |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | рекъонккей. А/т. | | | |
| 19 | **Фазу ГIалиева** «МагIарулазул нус». | ШагIиралъул гIумру ва творчество. Имам Шамилил хIакъалъулъ тарихияб баян. I бутIа цIализе. | Щоб, хвалчен, къасд, тIор, ющизе, согIал гIадатал, хилиплъи | ПасихIго цIализе. |
| 20 | «МагIарулазул нус». | II бутIа цIализе. | Аскар, чарамул къолден, чол чангит,ц1иркъ | Пасих1го цIализе. |
| 21 | «МагIарулазул нус». | III бутIа цIализе. | Чапар, къор, файтон, пахруго, чабхил иццал | ПасихIго цIализе. |
| 22 | «МагIарулазул нус». Поэмаялъул хIакъалъулъ баян гIатIид гьаби. Художествияб литератураялъул сипатияб каламалъул(мацIалъул) хIакъалъулъ баян. | IV бутIа цIализе. Тема, пикру рагьизе. Дандекквеял, эпитетал, метафораби рати. | ЧIимих, гьир, чукъби, шавкъ | ПасихIго цIализе. |
| 23 | **Таймасханов Тажудин** «ЯхI». | Хъвадарухъанасул гIумру. Хабар цIализе. | Нилъо, бидурихь, хъалиян | Бицине. |
| 24 | **ГIалирза СагIидов** «РачIа, гьудулзабиI». | КочIол мисалияб цIали бихьизабизе. | Микьир, палугьаби, халичаби, чагъир | КечI рекIехъе лъазабизе. |
| 25 | **МухIамадрасул Расулов** «Эбелалъул рахIму». | Хъвадарухъанасул биография. Хабар цIализе. | КIаркьен, ункъачо, тепсиялъуб, чIчIалтIа | Бицине. |
| 1с | **Класстун къватIисеб цIали** | | | |